



## AVI SOU POLITIK

Operasyon sou Teren 2024 - 2

### Politik: Fèmti Demann Abandone yo nan BRC Manager

Dat Antre an Vigè: 1ye fevriye 2024

Lyen politik la: <https://www.mass.gov/doc/eec-closing-abandoned-requests-in-brc-manager-policy-documenthaitian-creole/download>

### APÈSI

Pou asire lis Demann Verifikasyon Dosye Antesedan ki annatant (BRC) yo ajou epi li gen ladan sèlman aplikan yo te pran anprend yo, EEC pral fèmen demann BRC nan sistèm BRC Manager a 120 jou apre soumisyon an si kandida a pa te bay anprend li nan moman sa a.

Politik sa a pral afekte demann BRC pou tout kandida ki deja egziste, pami yo kandida ki deja egziste ki nan yon estati kondisyonèl oswa an renouvèlman. Yo dwe retire kandida ki nan estati kondisyonèl oswa an renouvèlman ki gen BRC yo fèmen dapre règleman sa a nan pwogram nan nan lespas 14 jou.

### APLIKABILITE

Politik sa sa a aplike pou tout pwogram EEC lisansye, apwouve, oswa finanse.

### MIZAJOU KLE

- EEC pral fèmen demann BRC abandone nan sistèm BRC Manager apre 120 jou si yo pa te pran anprend yo.
- Nenpòt kandida ki gen yon demann BRC nan sistèm BRC Manager a ki gen 120 jou oswa plis gen jiska 31 janvye 2024 pou yo pran anprend yo anvan politik sa a antre an aplikasyon 1ye fevriye 2024.
- Politik sa a aplike pou kandida ki an annatant, nan estati kondisyonèl oswa renouvèlman. Nenpòt kandida k ap travay kounye a nan yon pwogram lisansye oswa finanse avèk yon BRC nan estati kondisyonèl oswa renouvèlman ki gen BRC li fèmen akòz politik sa a, yo dwe retire l nan pwogram nan nan lespas 14 jou.
- Kandida ki gen BRC yo fèmen akòz politik sa a dwe soumèt yon nouvo aplikasyon si yo vle re-aplike epi yo pa ka travay nan oswa afilye ak okenn pwogram jiskaske yo resevwa yon detèminasyon aptitud.

## **RESOUS**

[Tanpri tcheke gid resous EEC a sou politik sa a.](#) Si oumenm oswa anplwaye ou gen kesyon sou politik sa a oswa ou bezwen sipò siplemantè, tanpri kontakte Sant Kontak EEC a nan 617-988-7841.

## **OBOSOLÈT (pa sèvi ankò)**

Sa a se yon nouvo politik epi li pa ranplase okenn politik aktyèl EEC BRC.